

SIS ETAP POU PWOTEJE VÒT OU AN NAN JOU ELEKSYON AN



Asire w yo konte vòt ou an !

Men SIS ETAP KI TRÈ SENP ou ka pran nan jou eleksyon an pou pwoteje dwa ou genyen pou vote.

- 1** Rele biwo eleksyon lokal la pou verifye ki kote biwo pou vote a ye. Li posib yo te ka chanje biwo vòt la, epi yo ka pa konte vòt ou a si w vote nan yon biwo vòt ki pa kòrèk.
- 2** Pote pyès didantifikasyon nan biwo vòt la ankake sa ta nesèsè, preferableman yon kat didantifikasyon gouvènman an baw oswa yon bil elektrisite, dlo, telefòn oswa yon chèk travay ou ki gen non w ak adrès kote w rete kounye a.
- 3** Mande moun k ap travay nan biwo vòt la pou yo ede w epi tyeke pano enfòmasyon ki poste yo si w ta gen kesyon oswa si w ta bezwen èd.
- 4** Asire w ou vote. Si w ta rive nan fen jounen an epi ou nan liy lè biwo vòt la fèmen, ou sipoze rete nan liy lan paske ou gen dwa pou vote.
- 5** Si yo ofri w yon bilten pwovizwa paske yo gen yon kesyon konsènan elijiblite w, mande si w ka vote sou yon bilten nòminal si w ta bay plis pyès didantifikasyon oswa pou ta ale nan yon lòt biwo vòt. Si pa ta gen ankenn lòt altènatif ki disponib oswa ki pratik, vote sou yon bilten pwovizwa
- 6** Si w gen yon pwoblèm konsènan dwa w pou vote, mande pou pale ak ofisyèl eleksyon an chèf la oswa yon volontè pou dwa vòt nan biwo vòt la oswa rele nimewo gratis pou Liy Asistans pou Pwoteksyon Eleksyon an, 1-866-OUR-VOTE, ki se yon pwojè yon kowalisyon ki la pou ankouraje dwa vòt.

Pou plis enfòmasyon, kontakte sendika w lan oswa Depatman Dwa Sivil, Imen, ak Fanm AFL-CIO nan votingrights@afclcio.org oswa vizite www.votenov7.org.

Lab★r 2006